

ORDONNANCE MINISTERIELLE N° 770/1590 DU
26/09/2014 FIXANT LES MODALITES ET LES
PRESCRIPTIONS TECHNIQUES POUR LA
DELIVRANCE DE L'AUTORISATION
D'EXERCICES DE FORAGE, DE
CREUSEMENT DE PUIITS ET DE SONDAGE
EN VUE DE LA RECHERCHE, DU CAPTAGE
OU DE L'EXPLOITATION DES EAUX
SOUTERRAINES

ITEGEKO NSHIKIRANGANJI INOMERO 770/1590
RYO KU WA 26 / 09 /2014 RISHINGA
IBIKURIKIZWA N'IBITEGEREJWE MU
BIJANYE N'UBUHINGA KUGIRA NGO
HATANGWE URUHUSHA RW'UKWIMBA
AMAZI YO MU KUZIMU, UKWIMBA AMARIBA
N'UKURONDERA AHARI AMAZI YO MU
KUZIMU MU NTUMBERO YO KUYAKWEGA
CANKE KUYAKORESHA

LE MINISTRE DE L'EAU, DE
L'ENVIRONNEMENT, DE L'AMENAGEMENT
DU TERRITOIRE ET DE L'URBANISME,

UMUSHIKIRANGANJI W'AMAZI, IBIDUKIKIJE,
ITUNGANYWA RY'AMATONGO
N'ITERAMBERE RY'IBISAGARA,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika
y'Uburundi ;

Vu la loi n°1/21 du 15 octobre 2013 portant Code
minier du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/21 ryo ku wa 15
Gitugutu 2013 rishinga Igitabu c'amategeko
agenga ubutare mu Burundi ;

Vu la loi n°1/02 du 26 mars 2012 portant Code
de l'Eau au Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/02 ryo ku wa 26
Ntwarante 2012 ryerekeye Igitabu c'amategeko
agenga amazi mu Burundi ;

Vu le décret n°100/95 du 28 mars 2011 portant
organisation du Ministère de l'eau, de
l'environnement, de l'aménagement du territoire
et de l'urbanisme ;

Yihweje Itegeko inomero 100/95 ryo ku wa 28
Ntwarante 2011 riringaniza Ubushikiranganji
bw'amazi, ibidukikije, itunganywa ry'amatongo
n'iterambere ry'ibisagara ;

Vu le décret n°100/189 du 25 août 2014 portant
modalités de détermination et d'instauration des
périmètres de protection des captages d'eau
destinée à la consommation humaine ;

Yihweje itegeko inomero 100/189 ryo ku wa 25
Myandagaro 2014 rishinga ibikurikizwa mu
gutomora no gushinga uturere tw'ugukingira
amasoko akwegwamwo amazi abantu banywa ;

ORDONNE :

ASHINZE :

178

178

CHAPITRE I. DE L'OBJET ET DES PRINCIPES GENERAUX

Article 1^{er} :

La présente ordonnance a pour objet de définir les modalités et prescriptions techniques pour la délivrance de l'autorisation d'exercices de forage, de creusement de puits et de sondage en vue de la recherche, du captage ou de l'exploitation des eaux souterraines.

Article 2 :

L'exercice de forage, de creusement de puits et de sondage en vue de la recherche, du captage ou de l'exploitation des eaux souterraines sur toute l'étendue de la République du Burundi est subordonné à l'obtention préalable d'une autorisation délivrée par le Ministre ayant la gestion de l'eau dans ses attributions, selon les modalités et les prescriptions techniques fixées par la présente ordonnance et le Guide de bonnes pratiques en annexe.

Article 3 :

Les obligations spécifiques à chaque autorisation sont précisées dans un cahier spécial des charges y annexé.

Les obligations visées à l'alinéa 1^{er} sont toujours réputées résolutives et leur violation ou non respect est susceptible d'entraîner la révocation de l'autorisation à tout moment, sans préavis ni indemnité, avec, le cas échéant, obligation de remise des lieux à leur état primitif, sous peine d'astreinte et aux frais du contrevenant.

CHAPITRE II. DE LA PROCEDURE

Section 1. La demande

Article 4 :

Toute personne physique ou morale qui désire obtenir l'autorisation d'exercer le forage, le

IGICE CA MBERE. INTUMBERO N'INGINGO NGENDERWAKO

Ingingo ya mbere : Iri tegeko nshikiranganji rifise intumbero yo kwerekana ibikurikizwa n'ibitegerejwe mu bijanye n'ubuhinga kugira ngo hatangwe uruhusha rw'ukwimba amazi yo mu kuzimu, ukwimba amariba n'ukurondera ahari amazi yo mu kuzimu mu ntumbero yo kuyakwega canke kuyakoresha.

Ingingo ya 2 :

Ukwimba amazi yo mu kuzimu, ukwimba amariba n'ukurondera ahari amazi yo mu kuzimu mu ntumbero yo kuyakwega canke kuyakoresha ku gataka kwose k'Uburundi bitegerezwa kubanza gutangirwa uruhusha n'Umushikiranganji ajejwe amazi, hisunzwe ibikurikizwa n'ibitegerejwe n'ubuhinga bishinzwe n'iri tegeko nshikiranganji n'ibiri mu rwandiko rw'imperekeza rwerekana ingene ibikorwa vy'ukwimba amazi vyorangurwa neza.

Ingingo ya 3 :

Ibitegerejwe ku ruhusha rumwerumwe rwose bitomorwa mu gitabu c'ibitegerejwe gukorwa giherekeza urwo ruhusha.

Ibitegerejwe bivugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo bifatwa nk'itegeko kandi ukubirengako canke ukutavyubahiriza bishobora gutuma umuntu canke ishirahamwe ryakwa uruhusha igihe ico ari co cose, ata kurinda kurigabisha canke kuriha inshumbusho, harimwo, iyo bikenewe, n'ugutegerezwa gusubiza ikibanza uko cari kimeze bitagenze uko hagatangwa ihadabu rija ririyongera uko iminsi ihera kandi bigakorwa ku mafaranga ya nyene kubirengako.

IGICE CA II. INGENE URUHUSHA RUSABWA

Agace ka 1. Ugusaba uruhusha

Ingingo ya 4 :

Umuntu wese canke ishirahamwe ryipfuzwa guhabwa uruhusha rwo kwimba amazi, ukwimba

creusement de puits ou le sondage adresse une demande au Ministre en charge de la gestion de l'eau.

amariba, canke ukurondera ahari amazi yo mu kuzimu abisaba Umushikiranganji ajejwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi.

La lettre et le dossier de demande y annexé précisent les éléments suivants :

Ikete ry'ugusaba urwo ruhusha n'idosiye bijana biratomora ibi bikurikira :

1° L'identité du demandeur ou, selon le cas, sa raison sociale et son adresse complète au Burundi ;

1° Ibiranga nyene kurusaba canke, bivanye n'uwusaba, izina ry'ishirahamwe ribisaba n'ibiranga vyose aho ribarizwa mu Burundi ;

2° La nature et la finalité des activités selon qu'elles poursuivent un objectif de recherche, de captage ou d'exploitation des eaux souterraines ;

2° Ubwoko bw'ibirangurwa n'intumbero yavyo, yaba iyo ukurondera ahari amazi yo mu kuzimu, ukuyakwega canke ukuyakoresha ;

3° La description du ou des sites sur lesquels il entend mener ses activités et leur situation géographique, y compris leur plan de localisation à l'échelle de 1/50.000 ;

3° Indondoro y'ikibanza canke y'ibibanza uwusaba uruhusha yipfuzwa kuranguriramwo ibikorwa n'aho biherereye, harimwo n'ipura ivyerekana ku rugero rwa 1/50.000 ;

4° Un rapport d'enquête, contresigné par l'administrateur communal territorialement compétent, portant sur la nature et les titulaires des droits exercés sur les sites objet de la demande d'autorisation et comportant, le cas échéant, un memorandum d'entente sur le sort de ces droits en cas d'obtention de l'autorisation ;

4° Icegeranyo c'ivyavuye mw'itohoza, cashizweko umukono na Musitanteri w'ikomine ivyo bibanza birimwo cerekeye uburenganzira bufiswe kuri ivyo bibanza na banyenevyo kikaba kandi kirimwo, iyo bikenewe, amasezerano y'umwumvikano yerekeye ico ubwo burenganzira buzokozwa mu gihe uruhusha ruzoba rutanzwe ;

5° La durée pour laquelle l'autorisation est demandée.

5° Ikiringo uruhusha rusabwa rumara.

Article 5 :

La demande et les documents y annexés sont produits en trois exemplaires. La demande est enregistrée contre récépissé ou accusé de réception.

Ingingo ya 5 :

Ikete ry'ugusaba uruhusha n'izindi nzandiko bijana bitangwa mu makopi atatu. Harandikwa mu gitabu kibigenewe ko ikete ryakiriwe kandi hagatangwa n'urwandiko rwemeza ko ryakiriwe.

Section 2. L'instruction du dossier

Agace ka 2. Ukwiga idosiye

Article 6 :

A compter de l'enregistrement de la demande d'autorisation, le Ministre en charge de la gestion de l'eau dispose d'un délai d'un mois pour procéder ou fait procéder à toutes les

Ingingo ya 6 :

Kuva handitswe mu gitabu kibigenewe ko ikete risaba uruhusha ryakiriwe, Umushikanganji ajejwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi afise ikiringo c'ukwezi kumwe kugira ngo asuzume

118

118

vérifications et à toutes les investigations nécessaires et répondre à la demande.

canke asabe ko hasuzumwa ivyo vyose bikenewe kandi hagirwe amatohoza yose akenewe kugira atange inyishu ku vyasabwe.

Section 3. La gestion des oppositions

Agace ka 3. Ingene ivyerekeye ukubuza ko impusha zitangwa bitunganywa

Article 7 :

Au cours de l'instruction du dossier, le Ministre en charge de la gestion de l'eau reçoit et traite les oppositions éventuelles à la demande d'autorisation.

Ingingo ya 7 :

Mu gihe c'ukwiga idosiye, Umushikiranangijwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi arakira kandi akihweza ivyashikirijwe n'abasaba ko uruhusha rutatangwa.

Lorsque ces oppositions proviennent de ceux qui prétendent exercer légitimement des droits sur le site qui fait l'objet de la demande d'autorisation et qu'il est établi que leur demande est manifestement fondée, le Ministre refuse d'accorder l'autorisation.

Mu gihe abo basaba ko uruhusha rutatangwa ari abiyumvira ko bafise uburenganzira bwemewe n'amategeko ku kibanza gisabirwa uruhusha kandi biboneka ko ivyo basaba bifise ishingiro, Umushikiranangijwe aca areka gutanga urwo ruhusha.

CHAPITRE III. DE L'EXERCICE ET DU CONTROLE DES ACTIVITES AUTORISEES

IGICE CA III. UKURANGURA IBIKORWA VYATANGIWE URUHUSHA N'UKUBIGENZURA

Article 8 :

Il est interdit au demandeur de commencer les activités avant l'obtention de l'autorisation. Sans préjudice d'autres sanctions, le manquement à cette obligation peut justifier le refus de l'autorisation.

Ingingo ya 8 :

Birabujijwe ko uwasavye uruhusha atangura ibikorwa atararuruka. Hatirengagijwe ko ashobora gufatirwa n'ibindi bihano, ukurenga kuri iyo ngingo bishobora gutuma adahabwa urwo ruhusha.

Article 9 :

Le titulaire d'une autorisation ne peut commencer les activités ainsi autorisées qu'après avoir, le cas échéant, désintéressé ceux qui ont des droits à faire valoir sur le site d'installation.

Ingingo ya 9 :

Uwahawe uruhusha ntashobora gutangura ibikorwa yaruhereye atabanje, bikenewe, guha umuzibukiro abari bafise uburenganzira ku bibanza agomba gukoreramwo.

Article 10 :

Le titulaire d'une autorisation est tenu d'informer le Ministère ayant en charge la gestion de l'eau, du jour du lancement officiel des activités aux fins de se faire représenter et de s'assurer de la conformité des travaux au cahier spécial des charges.

Ingingo ya 10 :

Uwahawe uruhusha ategerezwa kumenyesha Ubushikiranangijwe bujwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi umunsi azotangurirako ibikorwa mu ntumbero yuko burungika uwubuserukira no kugira busuzume ko ibikorwa birangurwa bihuye n' ibiri mu gitabu c'ibitegerezwa kurangurwa.

Article 11 :

Indépendamment de l'évaluation prévue à

Ingingo ya 11 :

Hatirengagijwe isuzuma ritegekanijwe mu ngingo

l'article 12, le Ministre en charge de la gestion de l'eau peut à tout moment envoyer sur les sites de forage ou de sondage des inspecteurs qualifiés aux fins de s'assurer de la qualité de l'eau et des mesures prises pour prévenir toute forme de pollution susceptible d'altérer la qualité de l'eau.

Dans le cadre de leur mission, les inspecteurs ont, en tout temps, libre accès aux installations de forage, de puits et de sondage. Ils peuvent recommander au titulaire d'autorisation toute mesure provisoire ou préparatoire dont l'urgence ne permet pas d'attendre les instructions écrites du Ministre en charge de la gestion de l'eau.

Article 12 :

Le titulaire d'une autorisation est tenu de faire procéder, tout au long des travaux, à une supervision et à un contrôle de ses activités par un bureau spécialisé externe indépendant qui produit des rapports périodiques. La mission envoyée par le bureau aux fins de supervision et de contrôle doit comprendre, entre autres, un expert en hydrogéologie.

Dans les trois mois de la fin des travaux de forage, de creusement de puits ou de sondage, le bureau désigné à l'alinéa précédent produit, à l'intention du Ministère en charge de la gestion de l'eau, un rapport final sur le déroulement des activités.

Article 13 :

Sauf cas de force majeure ou de faute imputable aux pouvoirs publics, la déchéance de l'autorisation est prononcée contre le titulaire d'une autorisation :

- 1° Si les travaux n'ont pas commencé ou ne sont pas achevés dans le délai prévu dans l'acte d'autorisation;

ya 12, Umushikiranjanji ajejwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi arashobora kurungika umwanya uwo ari wo wose abagenduzi babifisemwo ubumenyi bukwiye mu bibanza biyaronderwamwo mu ntumbero yo gusuzuma akaranga k'amazi n'ingingo zifatwa kugira hakingwe ko hagira igitosekaza amazi bigatuma atakaza akaranga kayo.

Mu kurangura imirimo bajewe, abagenduzi b'ibikorwa bafise uburenganzira bwo gushika, umwanya uwo ari wo wose, ahimbwa amazi, ahimbwa amariba n'aharonderwa amazi. Barashobora gufatira uwufise uruhusha ingingo y'imfatakibanza canke iy'agateganyo mu gihe babonye ko vyihuta ku buryo batorindira ingingo zifatwa n'Umushikiranjanji ajejwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi abicishije mu rwandiko.

Ingingo ya 12 :

Uwahawe uruhusha ategerezwa gusaba ibiro vy'abahinga vyigenga kugira bihagarikire vyongere bisuzume ibikorwa vyose arangura, navyo bikaja birashikiriza ivyegeranyo bivyererekeye ku biringo bizwi. Umugwi warungitswe n'ibiro mu ntumbero y'uguhagarikira ibikorwa n'ukubisuzuma utegerezwa kuba urimwo umuhinga mu vy'ukurondera n'ugukwega amazi yo mu kuzimu.

Mu mezi atatu ibikorwa vyo kwimba amazi, amariba canke ivyo ukurondera aho amazi ari birangiye, ibiro vyatowe bivugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo birategura icegeranyo ca nyuma c'ingene ibikorwa vyagenze, gishikirizwa Ubushikiranjanji bujewe itunganywa ry'ivyerekeye amazi.

Ingingo ya 13 :

Kiretse hari intambamyi zidasanzwe canke bivuye kw'ikosa ry'inzezo nshingwantwaro, uruhusha rurakwa uwaruhawe :

- 1° Iyo ibikorwa bidatanguye canke bitarangiye mu kiringo categekanijwe mu ngingo itanga uruhusha ;

2° En cas d'inexécution des obligations du titulaire d'une autorisation ou d'atteinte frauduleusement portée par lui aux intérêts publics.

Article 14 :

En cas de déchéance de l'autorisation, le Ministre en charge de la gestion de l'eau peut exiger soit :

- 1° Que le titulaire de l'autorisation remette, à ses frais et dans un délai déterminé, le site dans un état compatible avec l'exigence de préservation de la qualité de la ressource eau, à défaut de quoi le Ministre y fera procéder lui-même aux frais du contrevenant ;
- 2° De confier tous les ouvrages d'art, installations et dépendances à une structure étatique spécialisée dans la gestion de l'eau, moyennant paiement d'une somme égale à la valeur à dire d'expert de l'équipement mécanique et électrique des installations, étant entendu que pour les travaux du génie civil aucune indemnité ne sera due au titulaire de l'autorisation.

2° Igihe uwahawe uruhusha atubahirije ivyo ategerejwe canke hari ivyo yakoze akoresheje uburyarya biciye kubiri n'inyungu z'abanyagihugu.

Ingingo ya 14 :

Mu gihe uwahawe uruhusha arwatswe, Umushikiranganji ajejwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi arashobora gutegeka ko :

- 1° Uwari yahawe uruhusha asubiza ikibanza uko cari kimeze ku buryo akaranga k'amazi kaguma gakingiwe, akoresheje uburyo bwiwe kandi mu kiringo kinaka, bitagenze uko naho Umushikiranganji akaba ari we avyikoreshereza ku mafaranga arihwa n'uwo yari yahawe uruhusha ;
- 2° Canke ko ivyo uwari yahawe uruhusha yubatswe ku buhinga, ivyo yashizeho n'ivyo vyose bifatanye bihabwa igisata ca Reta gifise ubuhinga mw'itunganywa ry'ivyerekeye amazi, ico gisata kikariha uwo yari yahawe uruhusha amafaranga bihuye atomorwa n'abahinga mu vyerekeye amamashini n'ibikoresha umuyagankuba ,ariko nta nshumbusho n'imwe aronka ijanye n'ibikorwa vy'ugutunganya ikibanza.

CHAPITRE IV. DU RENOUVELLEMENT DE L'AUTORISATION ET DE LA FIN DES TRAVAUX

Article 15 :

Si le titulaire d'une autorisation estime poursuivre les travaux au-delà de la période initiale d'autorisation, il adresse au Ministre en charge de la gestion de l'eau une demande motivée de prorogation de l'autorisation pour une période qu'il précise et qui ne peut excéder six mois. La demande doit parvenir au Ministère au moins deux mois avant l'expiration de l'autorisation en cours de validité.

Article 16 :

La demande de prorogation est examinée suivant la même procédure que celle prévue pour la demande initiale.

IGICE CA IV. IVYEREKEYE UKWONGEREREZA IKIRINGO URUHUSHA N'UGUHERAHEZA IBIKORWA

Ingingo ya 15 :

Iyo uwahawe uruhusha abona ko azotegerezwa kubandanya ibikorwa ikiringo c'uruhusha yahawe carangiye, aca ashikiriza Umushikiranganji ajejwe itunganywa ry'ivyerekeye amazi, ikete risaba ko uruhusha rwokwongererezwa ikiringo atomora, ariko kidashobora kurenza amezi atandatu, agatanga n'imvo zibitumye. Iryo kete ribisaba ritegerezwa gushika mu Bushikiranganji n'imiburiburi hasigaye amezi abiri ngo ikiringo c'uruhusha kirangire.

Ingingo ya 16 :

Idosiye y'ugusaba ko ikiringo c'uruhusha congerezwa yihwezwa nk'uko bigirwa kw'idosiye y'ukurusaba.

118

118

Article 17 :

Le rapport final prévu au dernier alinéa de l'article 12 contient au moins les éléments suivants :

- 1° Le croquis des installations effectuées ;
- 2° Pour chaque forage, puits, sondage et ouvrage souterrain, la coupe géologique avec indication des niveaux de nappes rencontrées et la coupe technique de l'installation précisant les caractéristiques des équipements, notamment les diamètres et la nature des cuvelages ou des tubages, accompagnée des conditions de réalisation, telles que les méthodes et les matériaux utilisés lors de la foration, le volume des cimentations, les profondeurs atteintes et le développement effectué ;
- 3° Les informations sur la nappe captée, notamment son niveau statique et une analyse de la qualité conformément au contenu du guide des bonnes pratiques ;
- 4° Les coordonnées géographiques des installations ;
- 5° Les résultats des pompages d'essai et leur interprétation, le cas échéant ;
- 6° Le déroulement général du chantier ;
- 7° Le nombre de sondages, de forages, de puits, d'ouvrages souterrains effectivement réalisés, en indiquant pour chacun d'eux s'ils sont ou non conservés pour la surveillance ou le prélèvement d'eaux souterraines ;

Ingingo ya 17 :

Icegeranyo ca nyuma gitegekanijwe mu gahimba ka kabiri k'ingingo ya 12 kiba kirimwo n'imiburiburi ibi bikurikira:

- 1° Igicapo cerekana ivyubatswe ;
- 2° Ku himbwe amazi hose, kw'iriba rimwerimwe ryose, ku haronderwa amazi yo mu kuzimu hose no ku cubakwa mu kuzimu cose, igicapo cerekana ingene ibigize isi y'aho hantu bimeze kuva hejuru kw'isi uja mu kuzimu, harimwo n'ahari amatororokanirizo y'amazi yo mu kuzimu n'igicapo cerekana ibihimba bikurubikuru vy'ivyubatswe hagatomorwa ibiranga ivyo vyubatswe nk'ubwaguke n'ubwoko bw'ivyakoreshejwe mu kwubakira impande zose z'ibinogo canke ibiringoti harimwo n'ingene vyakozwe nk'ubuhinga n'ibikoresho vyakorehejwe mu kwimba, urugero rw'isima yakoreshejwe, ubwimbike bashitseko n'ibikorwa vyakozwe uko bingana ;
- 3° Ibimenyeshwa kw'itororokanirizo ry'amazi yo mu kuzimu yakwezwe, nk'urugero rusanze rw'amazi yaryo n'ibipimo vyagizwe bijanye n'akaranga k'ayo mazi hisunzwe ibiri mu gitabu cerekana ingene ibikorwa vy'ukwimba amazi vyorangurwa neza ;
- 4° Ibiharuro ndondakarere ivyubatswe birimwo ;
- 5° Ibiharuro vyerekana urugero rw'amazi akurwa mw'iriba hakoreshejwe amapompo mu gihe c'ukuraba ingene amazi aduga n'ico bisigura, bikenewe ;
- 6° Uko ibikorwa vy'ukwimba n'ukwubaka vyagenze muri rusangi ;
- 7° Igitiyiri c'aharondewe amazi, ahimbwe, amariba, ic'ivyubatswe koko mu kuzimu, hakerekana kuri kimwekimwe cose nimba bigenewe canke bitagenewe gukoreshwa mu gucungera ivyerekeye amazi yo mu kuzimu

canke mu kuyakurayo ;

8° Les modalités d'équipement des ouvrages conservés pour la surveillance ou le prélèvement et le compte rendu des travaux de comblement pour ceux qui sont abandonnés ;

8° Ibikorikizwa mu gushira ibikenewe ku vyubatswe kugira bikoreshwe mu gucungera canke mu gukura amazi mu kuzimu n'icegeranyo cerekana ibikorwa vy'ukuzibira ivyahebwe;

9° Les résultats des analyses d'eau effectuées.

9° Ivyavuye mw'isuzuma ry'amazi.

Le Guide de bonnes pratiques en annexe fait partie intégrante de la présente ordonnance.

Urwandiko rwerekana ingene ibikorwa vy'ukwimba amazi vyorangurwa neza ruri mu bigize iri tegeko nshikiranganji.

Article 18 :

Conformément au principe pollueur-payeur, le titulaire d'une autorisation, le bureau de contrôle et de supervision ainsi que le foreur ou sondeur restent solidairement responsables de toutes les pollutions et de leurs conséquences sur l'environnement et les êtres humains, consécutives à leur négligence, au défaut d'entretien ou de contrôle de leurs installations.

Ingingo ya 18:

Hisunzwe ingingo ngenderwako ivuga ngo « Uwutosekaza amazi ni we ariha inkurikizi zavyo », uwahawe uruhusha, ibiro bijejwe gusuzuma no gucungera hamwe n'uwimba amazi canke uwurondera aho ari, babarizwa hamwe ivyo vyose vyotosekaza ibidukikije n'inkurikizi zavyo ku bidukikije no ku bantu, mu gihe bivuye ku gufata minenerwe ivyo bubatse, ukutabibungabunga neza canke ukutabisuzuma.

CHAPITRE V. DES DISPOSITIONS FINALES

IGICE CA V. INGINGO ZISOZERA

Article 19 :

Toutes dispositions antérieures contraires à cette ordonnance sont abrogées.

Ingingo ya 19:

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Article 20:

La présente ordonnance entre en vigueur le jour de sa signature.

Ingingo ya 20:

Iri tegeko nshikiranganji ritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.

Fait à Bujumbura, le 26 / 09 /2014

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 26 / 09 /2014

LE MINISTRE DE L'EAU, DE
L'ENVIRONNEMENT, DE L'AMENAGEMENT
DU TERRITOIRE ET DE L'URBANISME

Ir. Jean Claude NDUWAYO

UMUSHIKIRANGANJI W'AMAZI, IBIDUKIKIJE,
ITUNGANYWA RY'AMATONGO
N'ITERAMBERE RY'IBISABGARA

Ir. Jean Claude NDUWAYO